



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 22 septanm 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SPENCERARL NEW YORK PRAL ELAJI AKTIVITE L NAN NORTH COUNTRY**

### ***Pwojè elajisman an te kreye 47 nouvo djòb nan kominote a grasa sipò lokal ak eta***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke SpencerARL New York, Inc., yon lidè nan endistri asanblaj transpòtasyon ak yon biznis sètifye fi posede nan Eta New York, ap elaji aktivite l nan Plattsburgh. Konpayi an te siyen yon kontra lwaye senkan pou yon bilding 80,000 pye kare nan Park Endistriyèl Air Kòporasyon Devlopman anplis pou l kontinye fonksyone andeyò de etablisman l ki toupre a, avèk yon sipèfisi konbine de 110,000 pye kare. Elajisman an te deja kreye 47 nouvo djòb nan kominote lokal la, e konpayi an planifye pou l anboche plis moun ane pwochen.

“Nan elaji aktivite yo nan Plattsburgh, SpencerARL te fè yon investisman nan avni North Country – youn ki pral kreye travay ak nouvo opòtinite,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Sa a se yon lòt egzanp sou fason pati nò a ap avanse, e mwen fyè dèske nou te kapab entèveni epi sipòte ekonomi lokal la.”

SpencerARL New York spesyalize nan bay sèvis lojistik twazyèm pati pou transpòtasyon endistri manifakti yo. Nan 2009, SpencerARL New York te ouvè etablisman l nan Plattsburgh pou bay sèvis lojistik, sou-asanblaj ak sekans Nova Bus, sa ki pa twò lontan de sa te kòmanse pwodiksyon nan izin asanblaj nan Park Endistriyèl TDC Banker Road. Nova Bus se yon fabrikan prensipal klas mondyal solisyon transpò dirab nan Amerik di Nò. Pòtfèy li gen ladan ibrid elektrik, gaz natirèl ak machin transpò piblik rapid.

SpencerARL New York deplase ale nan Plattsburgh te yon desizyon stratejik nan jesyon konpayi an pou itilize Plattsburgh kòm yon baz pou kontinye elajisman nan lòt fabrikan mas-transpòtasyon nan New York ak Etazini. SpencerARL New York te depi lè sa siyen yon kontra avèk Prevost Bus, premye fabrikan nan Amerik di Nò nan veyikil pasaje wo gam ak konvèsyon otobis pou machin kan wo gam ak konvèsyon espesyalize. Angajman SpencerARL New York pou bay solisyon lojistik a Novo Bus ak Prevost te pouse bezwen pou elajisman anprent li nan toulède etablisman li yo ak baz travay.

PDG Spencer Lori Fisher te deklare, “SpencerARL New York te travay avèk Devlopman Empire State, TDC, endistri manifakti transpò ak lòt otorite lokal yo pou pote nouvo djòb nan Plattsburgh e li kontan osijè kontinye patisipasyon l nan revitalizasyon zòn Plattsburgh. Nou wè pwogram fòmasyon nou an ak

Haitian Creole

fòmasyon adisyonèl nan travay la kòm kle pou siksè kontinye nou an nan Plattsburgh.”

Pou sipòte pwojè elajisman sa a, Devlopman Empire State ap bay SpencerARL \$300,000 nan pwogram travay pèfòmans Eksèlyò ki baze sou kredi taks yo lye dirèkteman a kreyasyon travay ak angajman investisman, e li pral pèmèt konpayi an re-investi ekonomi li fè nan depans li pou rann li pi konpetitif lè lap fè òf nan kontra yo.

Prezidan Devlopman Empire State, PDG & Komisyonè Kenneth Adams te deklare, “Nan sipòte elajisman SpencerARL, ESD non sèlman ap ede pou kreye nouvo djòb men lap pote egalman nouvo investisman nan kominote lokal la. Kapasite adisyonèl la pral pèmèt konpayi an pi byen sèvi kliyan li yo ak ranfòse endistri ekipman transpòtasyon kap pwospere nan rejyon an.”

Prezidan ak CEO TDC, Paul Grasso te deklare, “Nou kontan dèske TDC te anmezi yon fwa ankò pou akomode modèl biznis Spencer kap grandi epi satisfè spesifikasyon biznis ak delè yo. Siksè SpencerARL New York nan rejyon an konfime kwayans Konsèy Devlopman Ekonomik Entènasyonal ke yon mwayèn 80 pousan kreyasyon travay pral soti nan konpayi ki egziste deja yo nan nenpòt rejyon done. Sa se preziman rezon ki fè TDC te devlope epi lanse yon pwogram pou kenbe biznis pou park nou yo nan 2012. Jan mwen te di l anvan, nan TDC nou santi ke siksè nou defini pa konpayi ki gen siksè yo ki nan rejyon nou an - e klèman siksè pote siksè.”

Anplis, SpencerARL New York te soumèt yon aplikasyon Finansman Konsolide pou New York State Homes and Community Renewal pou ede avèk bezwen fòmasyon yo. Pwojè a te deziyen kòm yon priyorite rejyonal pa Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country.

NCREDC Ko-prezidan ak Prezidan Chanm Komès North Country Garry Douglas te deklare, “SpencerARL se yon gwo konpayi e li se yon pati enpòtan nan gwoup ekipman transpòtasyon nou an. Yo inik nan konpetans yo e agrandisman operasyon yo pa pral non sèlman sipòte Nova Bus ak Prevost men kenbe posibilite reyèl dèske yo te ede nou atire lòt kontra ak liy pwodui isit la. E yo se yon sitwayen kòporatif tou, angaje nan chanm lan, kominote ak efò devlopman mendèv. Nou remèsye yo pou angajman yo nan Plattsburgh e nap rete tann pou n kontinye travay avèk yo pandan ane kap vini yo. Mèsi egalman a Gouvènè Cuomo ak eta pou tout asistans ak sipò yo.”

NCREDC Ko-prezidan ak Prezidan Clarkson University Tony Collins te deklare, “Grasa plan NCREDC pou kreye travay ak kwasans ekonomik nan mete aksan sou fòs ak atou rejyon an, nou te transfòme pèspektiv pou gwoup kap parèt yo tankou sektè ekipman transpòtasyon nan reyalite kap devlope avèk mass kritik. Elajisman nan SpencerARL se yon egzanp terifik sou fason North Country te itilize nouvo apwòch Gouvènè Cuomo pou devlopman ekonomik pou bati yon koperasyon san parèy pami òganizasyon piblik ak prive nan nivo lokal rejyonal ak eta.”

SpencerARL New York, Inc., dirije pa Prezidan ak PDG Lori Fisher li se yon antrepriz biznis sètifye Fi posede nan Eta New York. Fisher kontwole yon ekip jesyon egzekitif ki posede yon vas eksperyans nan founiti sèvis jeyson materyèl pou endistri fabrikasyon otomobil orijinal enkli Konpayi Ford Motor ak General Motors.

Haitian Creole

Nebe Tamburro, yon manm nan ekip jesyon SpencerARL New York, te deklare, “ Relasyon nou avèk TDC, Depatman Travay Lokal, Chanm North Country, Eta New York, espesyalman Devlopman Empire State ak Homes and Community Renewal, se finalman poutèt rezon sa nou te gen siksè depi premye jou a nan Plattsburg. Mwen pral yon fwa ankò di pandan tout ane nan konstriksyon sou 70 etablisman ekstèn nan uit peyi diferan ke ekip Plattsburgh la lwen pou l pi bon.”

Depite Bill Owens te deklare, “Sa se yon gwo nouvel pou Plattsburgh ak kominote avwazinan yo, pote bon travay ak manifakti kap grandi nan rejyon an. Desizyon SpencerARL pou elaji nan etablisman sa se yon testaman de anplwaye yo ki te ede nan rann etablisman ki egziste deja yon siksè, montre yon fwa ankò ke pati Nò New York se yon bon kote pou biznis yo grandi epi gen siksè.”

Senatè Betty Little te deklare, “Endistri transpòtasyon kap grandi ap kontinye avanse ekonomi rejyon Plattsburgh delavan. Elajisman an pral ajoute nan elan sa a. Li reyèlman se bèl bagay pou wè SpencerARL New York, yon biznis sètifye nan Eta New York fi posede, pwospere epi kreye plis travay. Li egalman agreyab pou wè yon konpayi lokal reyisi an patenarya avèk Kòporasyon Devlopman, Devlopman Empire State, Chanm North Country ak otorite lokal yo.”

Manm asanble Janet Duprey te deklare, “Mwen kontan avèk elajisman yon gwo etablisman ak sa ki vin apre nan adisyon nouvo djòb nan SpencerARL. Kòm Plattsburgh ap kontinye grandi kòm yon sant transpòtasyon, elajisman sa pral asire sèvis sou-asanblaj soupl ak nan tan apwopriye a fabrikan yo tankou Prevost ak Nova Bus. Konpliman a Kòporasyon Devlopman pou prevwayans yo nan bay espas adekwat pou elajisman sa a, e remèsiman a Gouvènè Cuomo ak Devlopman Empire State pou investiman kontinye yo nan North Country.”

Sipèvizè Vil Plattsburgh Bernie Bassett te deklare, “Elajisman SpencerARL New York se yon bon nouvel pou Plattsburgh ak yon testaman pou lokasyon stratejik nou an ak mendèv kalifye a. Se espwa nou ke pwojè sa pral asire konpetitivite konpayi an, pèmèt yo rete nan vil Plattsburgh pandan lontan. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou sipò l nan devlope ekonomi North Country.”

Prezidan Lejislati Konte Clinton Sam Dyer te deklare, “Pwojè elajisman sa te deja kondwi a kreyasyon plizyè douzèn bon travay pou fanmi konte Clinton yo avèk pwomès travay adisyonèl nan lavni. Nou konplimante SpencerARL nan nouvo antrepriz sa epi nou remèsye Gouvènè Cuomo, Eta New York, TDC ak tout patnè yo ki te enplike nan fè pwojè a vin posib.”

###

Wa p jwenn lòt nouvel nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*  
**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE

Haitian Creole